

WE ARE YOUR DOL



Department
of Labor

TIZONNAY AK VYOLANS NAN ESPAS TRAVAY

Se pou w Konn Dwa w

KISA TIZONNAY YE?

Men sa tizonnay gen ladan l:

- Konpòtman derespèktan ki baze sou jijman konsènan moun ki gen kèk karakteristik pwoteje.
- Konpòtman ki deranje oswa imilye moun akòz yon karakteristik pwoteje.
- Nenpòt sa yon moun fè ki montre l pa renmen oswa li rayi yon gwoup kote viktim nan fè pati, baze sou yon karakteristik pwoteje.

Karakteristik pwoteje yo gen ladan yo:

- Laj
- Ras
- Kwayans
- Koulè po
- Peyi moun nan soti
- Oryantasyon Seksyèl
- Si moun nan lame oswa l pa nan lame
- Sèks
- Andikap
- Si l marye oswa l ap viv yon lòt fason
- Eitati viktim vyolans domestik
- Idantite seksyèl,
- Dosye Kriminèl li

Lalwa kondane tizonnay nan espas travay oswa ki gen rapò ak espas travay. Lwa ak règleman eta a egzije pou travay la kreye yon espas travay ki pa gen tizonnay ki baze sou karakteristik pwoteje.

KISA TIZONNAY SEKSYÈL YE?

Nenpòt avans yon moun fè ak sa l di oswa nan aksyon l, deklarasyon seksyèl ki dirèk, oswa remak seksyèl ki blese yon moun oswa ki bay pèfòmans li pwoblèm. Sa gen ladan l:

- Jijman ki baze sou sèks
- Diskriminasyon akòz idantite seksyèl oswa estati transeksyèl

- Diskriminasyon akòz gwosès

Tizonnay seksyèl ka gen ladan l:

- Avans seksyèl moun pa dakò, mande favè seksyèl ak lòt tizonnay fizik oswa sa yon moun di ki gen rapò ak sèks.
- Yon moun ki gen pouvwa ki ofri avantaj nan travay la pou favè seksyèl yo, tankou di oswa vle di, “M ap ba w yon grad si w fè sèks avè m,” oswa “map revoke w si ou pa kite m manyen w.”

Tizonnay ilegal lè l tèlman fèt souvan oswa li grav, sa kreye yon anviwònman travay ki gen tansyon oswa moun pa santi yo gen respè. Li ilegal tou lè sa lakoz desizyon travay negatif (tankou si yo te revoke oswa retire nan grad viktim nan).

Viktim nan ak moun yo k ap fè tizonnay la ka nenpòt oswa menm sèks. Moun kap fè tizonnay la ka sipèvizè viktim nan, yon sipèvizè nan yon lòt zòn, yon kòlèg oswa yon moun ki pa yon anplwaye konpayi a, tankou yon kliyan oswa yon konsomatè.

KISA VYOLANS NAN ESPAS TRAVAY YE?

Vyolans nan espas travay se nenpòt zak oswa menas vyolans fizik, tizonnay, entimidasyon oswa lòt konpòtman ki deranje moun ki rive nan espas travay la. Li klase apati menas ak abi ak sa moun di pou rive nan agresyon fizik e menm touye moun. Li ka enplike anplwaye, kliyan, konsomatè ak vizitè yo.

KIJAN MINISTÈ TRAVAY LA AP EDE TRAVAYÈ YO BAY RAPÒ SOU TIZONNAY NAN ESPAS TRAVAY OSWA VYOLANS?

Ministè Travay ka ede travayè yo depoze yon plent nan Biwo K ap Defann Dwa Moun nan Eta Nouyòk la oswa federal oswa biwo lokal. Ministè Travay la fè efò pou l gen yon apwòch kote moun yo konn kisa chòk ye e ki konsantre sou viktim nan. Règleman nou se pou nou pèmèt viktim yo decide si yo vle kontinye ak yon plent oswa si yo pa vle.

KIJAN MINISTÈ TRAVAY AP EDE VIKTIM YO AVÈK SÈVIS YO EPI POUSUIV KRIM YO DEVAN LAJISTIS?

Ministè Travay ka:

- Bay referans pou sèvis sipò yo
- Ede travayè a pale de pwoblèm yo avèk konpayi a, si travayè a vle sa
- Ede prepare fòmilè plent yo epi voye l nan bon ajan k ap fè respekte lalwa yo
- Fè referans epi ede repons kriminèl pou krim ki te komèt la
- Lè sa apwopriye, bay referans pou ajans sèvis legal yo pou evalyasyon imigrasyon ak otorizasyon Viza T oswa U yo
- Bay yon Deklarasyon Enterè pou travayè ki nan yon konfli anrapò ak travay nan moman an oswa ki an tretman

KI SA YON VIZA U OSWA T YE?

Viza U yo se viza imanité pou moun ki viktim kèk krim. Viza T yo se pou viktim trafik moun. NYS DOL ap bay otorizasyon viza lè yon travayè imigran nan Nouyòk viktim yon krim ki pase nan travay la.

Viza U ak T bay avantaj ki annapre yo:

- Eitati legal pou jiska katran
- Dokiman Otorizasyon Travay
- Kalifikasyon pou kèt avantaj piblik
- Kalifikasyon pou Eitati Pèmanan apre twazan
- Eitati derive pou manm fanmi yo

KISA YON DEKLARASYON ENTERÈ YE?

Ann amoni ak Règleman Diskresyon nan kad nan kad pousuit Ministè Sekirite Enteryè a, gen kèk moun oswa avoka yo ki ka mande yon "Declarasyon Enterè" nan Ministè Travay la.

Si w ap patisipe nan yon ankèt k ap fèt nan moman an nan Ministè Travay Eta Nouyòk (New York State Department of Labor, NYSDOL) e w pè kolabore nan ankèt la akoz presyon ki ka baze sou imigrasyon, avoka w la oswa defansè w la ka mande yon Deklarasyon Enterè (SOI). Yon SOI se yon lèt NYSDOL voye ki dekri otorite ajans nou an genyen pou l mennen ankèt sou dosye w la, dekri laperèz travayè genyen ki baze sou kesyon imigrasyon, ak enterè NYSDOL pou l asire l travayè yo lib pou yo patisipe nan ankèt ajans nou an lè l elimine krent pou reprezay ki baze sou kesyon imigrasyon.

NYSDOL ap analize demann nan, e si l apwouve, l ap voye yon lèt SOI nan U.S. Department of Homeland Security (DHS). Kou DHS aksepte SOI a, avoka w la oswa defansè w la ka aplike pou ranvwaye desizyon an. DHS ap analize aplikasyon w lan ansanm ak SOI a epi pran desizyon sou dosye w la. NYSDOL pa patisipe nan pwosesis verifikasyon DHS la.

KISA OTORITE POU DESIDE SANTANS LAN YE?

Otorite pou deside santans la se yon nouvo prosesis ki senp pou travayè imigran pou jwenn pwoteksyon yon fason tanporè pou yo pa depòte yo ak otorizasyon pou travay si yo kolabore nan yon ankèt NYSDOL.

KIJAN OTORITE POU DESIDE SANTANS LAN MACHE?

Si w ap patisipe nan yon ankèt NYSDOL ap fè nan moman an e w pè pou w kolabore nan yon ankèt akoz yon reprezay ki ka genyen ki baze sou imigrasyon, avoka w oswa defansè a ka mande yon lèt Deklarasyon Enterè (SOI). NYSDOL ap analize demann nan, e si l apwouve, l ap voye yon lèt SOI nan U.S. Department of Homeland Security (DHS). Kou DHS aksepte l, avoka w la oswa defansè w la ka aplike pou ranvwaye desizyon an.

POU KONPAYI YO:

Daprè nouvo lwa a, kounye a chak konpayi nan Eta Nouyòk gen obligasyon pou mete sou pye yon règleman prevansyon kont tizonnay seksyèl dapre Seksyon 201-g Lwa Travay la. Ministè Travay met ak Biwo k ap Defann Dwa Moun nan pou yo mete sou pye yon modèl règleman kont tizonnay seksyèl. Modèl règleman an, modèl fòmasyon, ak echantiyon afich yo disponib sou: ny.gov/programs/combating-sexual-harassment-workplace

POU W JWENN PLIS ENFÒMASYON SOU SÈVIS AK ÈD KI DISPONIB YO

Rele Biwo ki Responsab Respè Règleman yo ak Edikasyon an nan **877-466-9757** oswa imel DIPA@labor.ny.gov.